# *Nhasi Uno Rugwaro Urwu Rwazadzikiswa*

Maita henyu, Hama Demos, Hama Carl Shakarian, kana, Demos Shakarian, Hama Carl Williams, nevamiririri, mose. Ndinofunga kuti hama, murume wemagejo uyu pano, vangotaura zvandanga ndichida, manheru ano, kuti vatongotora mashoko angu andanga ndichataura kubva pandiri. Nokuti, ndaitirwa zvakanaka, ndinotenda, nekonivhenisheni ino, kudarika konivenisheni ipi zvayo yandati ndambopinda mairi. Handisati ndamboona, mukonivhenisheni ipi zvayo, kuwirirana nekuyanana kwechokwadi kwakadaro nerudo rwehama. Chimwe chinhu chandakaita, ndakasangana nevamiririri vatsva vakawanda veDenga, hama itsva dzandakawana mukana wekukwazisana nekutaura nadzo.

2 Husiku hushoma huchangopfuura, ndakanga ndichiteerera kuhama yeBaptisti yakagara apo. Handisi kukwanisa kufunga zita rake. [Hama Shakarian vanoti, “Irvin.”—Mupepeti] Irvin. Uye vakaunza rimwe kadhi kwandiri kubva . . . Ndinotenda kuti nditete vavo, vakagara pano manheru ano. Vava nekadhi iri remunamato kweanenge makore 20.

3 Vakaunzwa mumusangano, vachifa nechirwere, zvokuti zvichida chiremba aigona kutsanangura kuti chii. Chinhu chakaita semaperembudzi, asi asiri maperembudzi. Unongo . . . Pane imwe oparesheni, vanogona kucheka chimwe chakaita setsinga kumusoro kuno, kana chimwe chinhu, asi vaizongoita sechirimwa, vaitozongogara ipapo. Zvino pavainge vagerepo, zvichida kadhi ravo risina kudanwa kana chimwe chinhu, havana kupinda mumutsara wokunamatirwa, Mweya Mutsvene wakandinongedzera kwavari. Uye vari kumashure uko manheru ano, vakapora, uye tinotenda zvikuru nekuda kwaizvozvo. The . . .

4 [Hama Shakarian vanoti, “Hama, ndinofunga—ndinofunga Howard Irvin anga ari ipapo achitaura nemi, asi ndinofunga tete vacho varipano. Zvichida tingavaita kuti vasimuke.”—Mupepeti] Mungasimukawo here? Ivo—ivo tete va . . . [“Havoka avo. Ninirai ruoko rwenyu. Ninirai ruoko rwenyu.”]

5 Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi yangu, nekutenda kwenyu kweumhare muMwanakomana waMwari. NgaAkuchengetei muri mutano kusvikira panguva yaAnokudaidzai Kumusha, apo chinofa ichi chinopfeka kusafa. Ndinotenda nekuda kwaizvozvo, kufunga kuti vakachengeta kadhi iroro kwemakore ese aya zvino, ndokubva raunzwa pano kwandiri ndokundiratidza

manheru ano. Munoziva, ndanga ndichiti, zvakafanana nechingwa pamusoro pemvura, chinodzoka kwauri, paunoedza kuitira munhu chimwe chinhu.

6 Zvino, ndakavavawo nemukana wekusangana nevazhinji vevashumiri vakanaka ava, uye ndinoyemura zvikuru kuyanana kwavo kwakanaka, kubatana uku. Hama Carl vazivisa nezvangu kuti ndichadzoka gore rinouya, kana Ishe vachida, uye tiriwo pano panyika. Uye, zvakanaka, ndinotarisira kusangana nemi mose gore rinouya zvakare, mumwe nomumwe wenyu murume nemudzimai ngaauye nomumwe mumiririri pamwe naye.

7 Zvino panongori nechinhu chimwe chete chandinoda kutaura pamusoro pacho, zvichida kwechinguvana bedzi.

8 Nokuti, Chiremba Reed ndivo vachataura mushure, uye ndauya nzira yose kumusoro kuno manheru ano, ndine mamaira 250 ayo ini...ekuva nerwendo rwuno, kuzonzwa Chiremba Reed. Uye pane chimwe chinhu chaitika nguva shoma yapfuura chandaizo...Asi—asi, Chiremba Reed, ndingatotyaira mamaera 1,000 kuti ndivanzwe. Asi chimwe chinhu cha... Kubvira ndanga ndiri pano, ndaizotyaira mamaera 1,000 kuti ndingonzwa zvandanzwa nguva shoma yapfuura, chinhu chinoshamisa kwazvo, chinhu chekuti nyama neropa hazvigone kuzarura. Zvinotora Mweya Mutsvene kuzviita. Uye nokuona mumwe munhu akurudzira hupenyu hwangu nenzira yakadaro, uye ini zvechokwadi ndichatenda zvikuru hupenyu hwangu hwose.

9 Zvandanga ndichida kutaura, ndekuti iko—ndekuti iko, kana ndikazonzi ndiri kuzooparetwa, ndofonera chiremba, imi—imi huyai kwandiri, Chiremba Reed, pakarepo chaipo. Ndi—ndinogona kuvimba nemurume uyu kuti aite oparesheni, kana ndichifanira kuva nayo, maoko anotenda muna Mwari, ndiwo—ndiwo andaizoda kuti ashande pandiri. Uye saka isu... Ndinovimba kuti handisi kuzofa ndakava nayo. Asi kana ndikava nayo, ndingada kuti ivo, kana mumwe murume akaita savo, aite basa racho, kana ivo vasingakwanise kuvapo.

10 Ndine chimwe chinhu chakaitika nezuro manheru, icho, kana kuti nezuro masikati, waro, chakaita sekundishamisa chaizvo. Uye ndichataura muchidimbu, nekuti handisi kuda kutora nguva yehama yangu, sezvo achange achitaura. Asi ndinofunga kuti zvinoita sekurudziro kushumiro yangu.

11 Ndi—ndinotarisa zvinhu zvidiki. Chingori chinhu chidiki chose chine zvachinoreva, kwandiri. Handitende kuti pane chinongoitika kuMukristu nemasanga. Ndinofunga kuti zvakatemerwa naMwari, nokuti Jesu akati Achaita kuti zvinhu zvose zvishande pamwe chete mukunaka kune avo vanoMuda. Saka nokudaro ndinotenda kuti chinhu chidiki chese chiri mu—mushumiro diki yaAkandipa, kukubatsirai imi vanhu, kubatsira munhu wose, uye imi mose muri betsero kwandiri, tichibatsirana

kusvika muKubwinya. Mune izvozvo, chinhu chose chiduku chine chirevo, kwandiri. Asi zvakanga zvakandiomera kuti ndizvitende, nezuro masikati, pandakashaya rugwaro rwangu kumusoro kuno. Ndi—ndinokutaurirai, handisati ndakambobatikana kudaro muhupenyu hwangu. Uye, zvakare, ini mudzimai wangu—wangu akandipa Bhaibheri idzva reKisimusi.

12 Rangu tsaru raCho raive ratongosakara. Ndava naRo kwemakore angada kusvika 20 zvino, ndakaripihwa nevanhu veHouston Gospel Tabernacle, makore mazhinji akapfuura, pandakatanga mbuserere idzi. Saka ndinongo, ndinongoRikoshesa zvikuru, uye ini...mapepa nemapeji aro, nekuyambuka gungwa, uye nokupotera kumativi ose, kusvika ini...ari kungodonha zvawo. Uye ndinotora peji pamwe muna Genesi, zvino ndinotozofanira kutarisa kumashure muna Deuteronomio pane imwe nzvimbo kuti ndiriwane, munoziva, pandinenge ndakangoripfekera muBhaibheri. Saka, akanditengera rimwe paKisimusi. Uye handina kufarira kusendeka Bhuku tsaru parutivi, ranga Riri pamoyo pangu chaipo. Ndakati, "Kana ndikaenda Jesu asati auya, Riisei pandiri. Regai iRi riende muvhu neni, uye ndichamuka naRo patinomuka." Saka zvino, ndiwo maonero angu, zvisinei hazvo.

13 Sekanyaya kandaisimbotaura. Ndinovimba kuti hakusi kumhura. Asi ndakaenda kune...Mumwe murume akandiudza imwe nguva, ndinotenda kuti vaiva Hama Earl Prickett, musangano kumusoro kuNew York; zvino ndakasangana nemumwe murume, akati, "Nhaiwe, uri kuitei nanamuzvinabhizimu ava, iwe uri muparidzi?"

Ndakati, "Ndiri muzvinabhizimu."

Zvino akati, "Imhandoi yebhizimu raunoita?"

14 Ndakati, "Ashuwarenzi." Zvino, akafunga kuti ndati, "inishuwarenzi," munoonaka. Saka ndakati, "Ashuwarenzi."

Akati, "Oh, ndeipi mhando yeinishuwarenzi yaunotengesa?"

15 Ndikati, "Hupenyu Husingaperi." Husingaperi! Ndakati, "HandiItengese. Ini ndinongovawo nayo, ini pachangu, uye ndinoedza kuIpawo kune vamwe."

16 Ndinorangarira mumwe mukomana wandakaenda naye kuchikoro, imwe nguva, uye aitengesa inishuwarenzi. Zvino, inishuwarenzi yakanaka, asi ini handina. Zvino, saka akauya kumba kwangu, ndokubva ati, "Billy, ndinoda kukutengesera inishuwarenzi." Akati, "Ndinoziva munin'ina wako." Munin'ina wangu anotengesera Metropolitan. Akati, "Zvakanaka," akati, "Ndinoda, ndinoda kukutengesera inishuwarenzi."

Ini ndikati, "Oo, Wilmer, ndinotenda."

17 Uye iwe ucha...angangova pano manheru ano, mukoma wake, anonyora zvinyorwa mu *The Upper Room*, bhuku racho, *The Upper Room*. Saka iye...

Ini ndakati, "Ndine ashuwarenzi."

Akati, "Chii?"

18 Zvino mudzimai wangu akanditarisa sokunge ndaiva munyengeri. Mudzimai...zvino ndakati...Saka mudzimai akati, "Billy?"

Ini ndikati, "Hongu, uh-huh, ndine ashuwarenzi."

19 Uye murume uyu akati, "O, ndine—ndine hurombo," akati, "handina...Ndakanzwa kuti hauna kana inishuwarenzi."

Ini ndikati, "Kwete, ndine ashuwarenzi."

20 Uye—uye akandibata, zvandakataura ipapo. Akati, "Wati kudii?"

"Ndikati, 'Ashuwarenzi.'"

Zvino akati, "Manjeka, unorevei kudaro?"

21 Ndakati, "Chivimbo chakaropafadzwa, Jesu ndewangu; oo, kufanoravira kwakadini kwekubwinya kwaMwari! Ndiri mudyi wenhaka yeruponeso, ndakatengwa naMwari; ndakaberekwa neMweya waKe, ndakashambidzwa muRopa raKe."

22 Akati, "Billy, unoziva ndinozviyemura izvozvo." Akati, "Iyoyo chinhu chakanaka kwazvo. Asi," akati, "mwanakomana, iyoyo haikuvige kunze kuno muguva."

23 Ndikati, "Asi Ichandibuditsa." Handisi kunetseka nazvo, Handinetseke nekupinda; asi kubuda, munoona. Saka ndinofunga kuti ndiwo manzwiro edu pazviri.

24 Manheru apfuura, pandakatora Bhaibheri iroro, uye ndikatadza kuwana rugwaro irworwo. Uye ndakatora Bhaibheri idzva riya. Ini ndakaverenga kubva mune tsaru, zvino ndakatora idzva ndokuRiisa muhapwa mangu ndokumhanyira kumusoro kuno. Zvino ndakavhura ndichienda kunzvimbo iyoyo, zvino ndakafunga kuti, "Asika, pano, ndinotenda kuti yanga iri Mutsvene Johane 16:21," uye pakanga pasiri ipo pacho zvachose.

Ndakati kuna Hama Moore, "Ndipo here pazviri?" "Hongu."

25 Uye ndakatarisa kumashure, zvakare rakanga risipo. Saka ndakafunga, "Zvakanaka, vane peji mukati—peji mukati rakaiswa pasipo."

26 Zvino hama yangu iyi pano ndokuuya, Hama Stanley, vakauyapo; Bishop Stanley, waro. Uye handina kuziva kuti murume uyu airevei, ini...Zvakava nyaradzo chaiyo, zvisinei. Vakafamba vachiswedera pedyo neni, ndokuti, "Dzikama hako, hama, Mwari zvichida vari kuzoita chimwe chinhu." Maona? Uye izvozvo zvakangondikurudzira, kufunga kuti vangataura izvozvo.

27 Handizive kuti vakazvicherechedza here kuti vakaporofita? Asi ndichitaura navo nguva shoma yapfuura, ndisati ndakwira kuno, ndine chokwadi chokuti vakazviona.

28 Saka ndakazviunza muMharidzo yangu pamusoro pe*Marwadzo Ekuzvara*, nezvimwe zvakadaro. Uye nekanzira kangu kanovirima pandinozviita, pamusoro pehapa; uye mazvarirwo arinoitwa pasi nekuberekwa, uye rozouya kumusoro, uye rokweva zuva, donwe redova, nezvimwe zvakadaro. Uyezve kuora kwezvarinofanira kufa richibuda mazviri, zvarinozozvarwa kubva mazviri, waro, kuti ribude. Uye ndaiedza kupa mufananidzo wechechi.

29 Sezvakangoita chiremba ava pano, kana vakaenda kunorapa murwere. Tine vanachiremba nhasi vanoti, "Unokwanisa kukwiza tsoka yako, kuseri kwechitsitsinho, uye zvopodza kenza iri kumeso kwako, munoona." Asi chiremba chaiye akanaka haangateereri kuchinhu chakadaro. Anorapa murwere maererano nebhuku raari kuverenga patsvakurudzo yezvokurapa.

30 Uye ndiyo nzira yandinoedza kuita nayo ndichirapa murwere. Pandinoona chechi ichirwara, Handidi kuedza kuvaudza kuti vanoda imwe kwaziso itsva muruoko kana chimwe chinhu, rimwe sangano idzva. Ndinofanira kuzvirapa maererano neBhuku randi—ndinoziva, munoona. Saka pandinoona chechi, ichiita seine gwirikwiti, ndinoda kutora Mushonga chaiwo wandinofunga kuti ndiwo, zvino kuitira gwirikwiti iri, kuti ribve muchechi; pandinoona chivi chichioneka mairi, ndiyo nzira imwe chete!

31 Ndakaedza kuenzanisa naEsau naJakobho, nekuzounza nguva zvichidzika. Uye ini handisi kuzopinda mazviri. Asi kuzviunza kuchikamu chekupedzisira muGwaro rangu rekupedzisira kushandisa, ndairienzanisa, kwete zvisiri muMagwaro, asi sezvakataura Jesu kuti zvichava, izvo Chiremba mukuru akati mamiriro echechi anofanira kuva, mumazuva ano ekupedzisira, "Yaizova chechi yeRaodhikia, yakapfuma, ine hupofu, yakashama, iri murombo," uye yaizoenzaniswa nemazuva eSodhoma. Zvino, tinoziva kuti iChokwadi ichocho. Kana mukazvicherechedza, panhoroondo, Akaunza mazuva aNowa, kutanga, tevere mazuva eSodhoma. Uye ndiyo nzira yayakafamba nayo, nenzira imwe cheteyo.

32 Uye nhoroondo, nguva zhinji, yakazvidzokorora pachayo, nhoroondo inodaro, uye ndizvo zvinoitawo—zvinoitawo vimbiso dzeBhaibheri. Semuyenzaniso, semuna Mateo 3, payakati, "Ndakadana mwanakomana waNgu kubva Egipita." Zvino kana ukatevedza panotaurwa nezvazvo, akanga ari Jakobho, mwanakomana waVo, waVakadana kubva muEgipita; ndiye aiva mwanakomana waVo muduku. Asi Mwanakomana waVo

mukuru, Jesu, akadanwawo kubva muEgipita, zvakare. Saka yaive ne—nemhinduro iri paviri.

33 Saka, ndichiona pavaifamba vachitaura nezvazvo, ndokubva ndaunza pfungwa dzangu pamusoro pazvo. Ndakafamba ndichibva pane. . . ndichibva papuratifomu, ndokubuda. Vana vangu, tichienda kumba, vaida kumbomira kunze kuno pane imwe nzvimbo, kuti vawane sangweji. Ndakapinda, mudzimai wangu akati, "Billy, ndanga ndichihuta-huta zvekuti ndashaya kuti ndoita sei." Akati, "Ndini ndakakupa Bhaibheri iroro."

34 Ndakati, "Hausiwe wakarinyora, uye hausiwe wakaribatanidza, mudiwa."

35 Akati, "Asi, kungofunga kuti, nda—ndakakupa bha—Bhaibheri rakakanganiswa mariri."

Ndakati, "Zvakanaka, zvichida rakanga risina."

36 Uye saka mumwe wevana akaritora, uye taigona kunzwa mapeji acho. Kwete, rairatidzika kuva rakanaka. Asi zasi-zasi, aive nemapeji 2 akabatana, munoona, uye chitsauko 16 chaive kudivi rino, zvino kuenderera mberi kwechitsauko 16 kwaiuya kune rimwe divi racho. Uye chechi 17 chacho chakatangira pane. . . munoona, zvakangofanana, zvakakwana, nekuseri. Uye bepa iroro rekuIndia, rakatetepa chaizvo, akanamatirana pamwe chete, zvino ndaiverenga kubva muchitsauko 17 nguva dzose, panzvimbo yechitsauko 16.

37 Uye ndakafunga, "Mwari, sei Maita izvozvo? Sei pazova nechinhu chakadaro zvino?" Ndini uyo ari kunzwa izvozvo, munoziva, kuti ndione kuti zvanga zviri zvei, nekuti ndinofunga kuti hapana chinoitika nemasanga. Uye ndaifunga nezve kunyaradzwa nehama iyi, ichiuya, kuzondiudza, "'Dzikama hako,' iye ari muprista, 'dzikama hako, zvichida Mwari vari kuzoita chimwe chinhu,'" kana chimwe chinhu chakada kudaro. Zvino ndakafunga, "Ko zvingagodaro sei?"

38 Zvino, ndigere ipapo, semheni yarova kubva Kudenga zvakauya kwandiri. Zvino, izvi zvinogona kusava nemusoro kwauri, asi zvinawo kwandiri, munoona.

39 Ndinorangarira, muna Ruka chitsauko 4, kuti Jesu akapinda musinagoge kuNazareta, kwaAkakurira, setsika yaKe yokupinda muchechi pa. . . sinagoge, pamusi weSabata. Zvino paAkadaro, tinocherechedza ipapo kuti muprista akaMupa Bhaibheri, Mupumburu. Jesu, achitarisa nemuMupumburu uyu, akawana imwe nzvimbo, Isaya 61, zvino Akaverenga Gwaro racho. Ndokubva Adzorera Bhaibheri kumufundisi. Zvino paakatendeukira kuungano, maziso ose akanga ari paAri. Uye Akati:

. . . *Nhasi* uno *Rugwaro urwu* rwazadzikiswa. . .

40 Uye tinoziva kuti kuverengwa kweGwaro iri kwaishamisa zvakadii, nokuti Akangotora chikamu chendima 1 ne 2, chaIsaya

61:1 na 2. Asi Akaverenga kusvika apa, apo, "Mweya waShe uri pamusoro paNgu, kusimbisa vakaodzwa moyo, uye kuti—kuti (ndipe) kupodza vanorwara, nekusvinudza meso akapofomara, uye nekuparidza gore raShe rakanaka," zvino ndokubva Amira. Nokuti, chaitevera kwaiva kuunza kutongwa; zvaizoshanda paKuuya Kwake Kwechipiri, kwete kuuya Kwake kwekutanga. Zvino Akamira, ndokutendeuka, akati, "Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa." Zvainge zvakanyatsonanga chaizvo!

41 Uye chaiva chi—chaiva chi—chitaurwa chakadzama kwazvo kuvadzidzisi nevanhu vakanga varipo, kuti Azvijekese izvi kuvanhu, "Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa." Nokuti hepano paAiva, iye Mesiya, asi havana kuzvitenda izvozvo. Hepano paAiva, muzodziwa waCho wenguva iyoyo. Chikamu chese cheshumiro yaKe, kubva pakuzvarwa kwaKe zvichikwira, chakanga charatidza kuve zvaAive, asi zvakadaro havana kuzvitenda. Chirevo chakadini! Asi Aigona kutaura nhasi . . .

42 Uye dai munhu akasvinudza meso avo, vangadai vakaziva, kuziva zuva ravairarama mariri, nokuti ndiyo yakanga iri nguva yaKe, nokuti Aivepo achiita chaizvo izvo Magwaro, vaporofita vose, vakanga vareva kuti zvaizoitika muzuva iroro. Apa akanga achiita chaizvo zvakanga zvaporofitwa naMwari kuti zvaizoitika! Ko vakapotsa sei kuzviona? Vaifanira kunge vakaziva nekukurumidza chaiko, vachiona zvaiva zviri shumiro yaKe. Hoyoka uyo Mesiya. Vangadai vakazviziva, nokuti Akati, "Rugwaro rwazadzikiswa."

43 Ndinofunga nezvanhasi. Uye cherechedzai izvo zvazvakanga zviri apo mu—muprista akatambidza Shoko. Shoko Racho rakaverengwa, rikadzoserwa kumuprista. Uye mashoko ekupedzisira kubva mumusoro wenyaya wandaiva nawo, neMagwaro angu akanyorwa pasi, raiva Mutsvene Ruka 17:30, apo, Jesu achinongedzera kuzuva rino ratiri kurarama mariri, "Zera reRaodhikia, rakapfuma," asi rakaora mune zvematongerwo, zvematongerwo echechi nezvematongerwo enyika, zvakangoora chaizvo. Zvino Akabva ati, "Sezvazvakanga zviri pamazuva aRoti, ndizvo zvazvichava panguva yokuguma iri kuuya," cherechedzai zvaAkataura ipapo, "muzuva iro Mwanakomana woMunhu acharatidzwa."

44 Munoona, "Mumazuva acharatidzwa Mwanakomana womunhu!" Ndinoda kuti munyatsotarisisa.

45 Munoona, Akauya mumazita 3. Akauya seMwanakomana wemunhu, aiva muporofita. Uye ndizvo zvaAkaita, Akaratidza shumiro Yake pachena, nokuva muporofita. Tose tinozviziva. Mumwe nomumwe wedu anozviziva. Haana kumboti Akanga ari Mwanakomana waMwari; Akati Aiva Mwanakomana wemunhu. Zvino, nhasi, ndiYe Mwanakomana waMwari, zvinova kwaAkadzokera, uye zvino Ari muchimiro cheMweya Mutsvene, Munhu asingaonekwe; asi zvakadaro, Mwari, Mwanakomana

waMwari. MuMireniyamu, Anogara paChigaro chaBaba vaKe, apo paAchazova Mwanakomana waDhavhidhi. Akazviratidza kutanga seMwanakomana wemunhu, muporofita; chizvarwa chino, kupfuura nemuzera rechechi, Mwanakomana wemunhu. . .kana kuti Mwanakomana waMwari; uye mune rimwe zera, Mwanakomana waDhavhidhi. Vanakomana vatatu!

46 Asi munocherechedza pano, Akati, pakupera kwezera rechechi, yakanga yapinda munyonganyonga kusvika pekuti Aizoratidzwa zvakare seMwanakomana wemunhu, "kana Mwanakomana woMunhu oratidzwa." Zvanga zvakakodzera chaizvo kuva nekuvhiringidzika kuya nezuro! Uye ndinovimba kuti hamuzvipotse.

47 Takava nekuzarurwa kweMwanakomana waMwari, asi vimbiso yokupedzisira yakava naAbrahama mwanakomana asati aitwa. . .kana kuti aunzwa pakuvepo, uyo waakanga avimbiswa; mwanakomana wevimbiso asati auya, Mwari vakazviratidza pachaVo paSodhoma seMuporofita, vari Munhu, munyama, Mwari. Elohim, sezvandanzwa mumwe munhu achizvitaura nguva shoma yapfuura, zvinova izvo kuti huMwari mumutumbi hwaiva maAri. Akanga ari huzaru hwacho. Elohim ndiye huzaru wehuMwari, mumutumbi. Uye tinocherechedza ipapo Roti paakaona. . .Abrahama paakamuona achiuya, akati, "Ishe wangu." Paive ne 3 vaVo. Uye zasi muSodhoma, Roti akaona 2, ndokuti, "madzishe angu," kushaya chizaruro. Saka cherechedzai zvakaitika pano, paAkauya, kuti AkaZvizivisa sei.

48 Hataikwanisa here, handaikwanisa here kutaura izvi dai ndanga ndakangomira nezvigunwe zvangu, munoona, hama iyi yakaporofita payakataura kwandiri zvayakaita! Nhasi uno! Tarisai zvaAkaita mushure mekuverengwa kweGwaro iroro. "Mumazuva apo Mwanakomana wemunhu," kwete munhu, kwete munhu wenyama, "Mwanakomana wemunhu achaZvizarura pakati pevanhu vaKe zvakare." Nhasi uno vimbiso iyi, yenguva ino yatiri kurarama mairi, yazadzikiswa pamberi pemeso edu chaiwo. Pakarepo akatendeukira kuungano, uye 10 kana 12, hameno kuti vaiva vangani kunze ikoko, hazvizivikanwi, Akaita zvimwe chete zvaAkaita paSodhoma. Nhasi uno Rugwaro urwu rwaratidzwa pachena pamberi penyu. Raitwa zvokwadi pamberi penyu.

49 Zvino, hama yangu, hanzvadzi, vamiririri, vashumiri, chero zvatiri ipo pano, vana vaMwari, tava pedyo zvakadii neKuuya Kwake zvino? Kana zvino tiri kuona Gwaro raAkavimbisa, moto wave pedyo kuwira muSodhoma kuti uripise, akafananidza zuva ranhasi naro, uye nokuona Rugwaro urwu rwuchizadzikiswa pamberi pedu chaipo, tave pedyo zvakadii neKuuya kweMwanakomana waMwari zvino? Kuratidzwa kweMagwaro kuri pedyo zvakadii, sezvaAkaita kubudikidza naAbrahama, achiunza Chechi, mumufananidzo, zvinova izvo kuti Aiva vimbiso kuChechi! Uye zvino tinoona,

Mbeu yepanyama yaAbrahama, kuti vakakundika sei. Asi Mbeu yehumambo yaAbrahama, inova kubudikidza nokutenda muShoko rakavimbiswa, yava kuratidzwa panyika nhasi. Tiri panguva yekupedzisira, hama yangu, hanzvadzi. Tava kumagumo.

50 Uye hatina mumwe mufananidzo. Ndinofanira kufananidzira Magwaro nekuti handina dzidzo yakakwana yekuburitsa mashoko nezvinhu. Ndinoita mufananidzo. Asi kana ndikaona mumimvuri . . . Dai ndisati ndamboona ruoko rwangu, ndoona mumvuri warwo, ndaiziva kuti ndaiva neminwe 5. Uye ndiyo nzira yaunofanira kutarisa nayo mifananidzo yeMagwaro eTestamende Yekare. Inoitei? Inofanofananidzira izvi. Uye Jesu akati Sodhoma ndiwo waiva mumvuri wenguva yekupedzisira zvino. Uye iwo Magwaro chaiwo akavimbiswa kuSodhoma, iwo Magwaro chaiwo akanga achiitika paSodhoma, akataurwa naJesu kuti aizodzokorora zvakare muzuva rino, aziviswa pamberi pedu chaipo nhasi.

51 Mwari vakuropafadzei. Musazvipotsa. Uye kana ndikasakuonai pano gore rinouya; pavanokwira Masitepisi eGoridhe, ndinotarisira kusangana nemi kumusoro Ikoko. Mwari vakuropafadzei.

[Imwe hanzvadzi inotaura nendimi, uye inobva yapa dudziro. Imwe hama inouya kumaikirofoni yotungamirira ungano mukuimba rwiyo *Ari Kuuya Nokukurumidza*. Zvibenga zvisina chinhu patepi—Mupepeti]

52 Baba, tiri . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Maringe neMagwaro, tiri kuona zvichiratidzwa, pamberi pedu, chiratidzo chekupedzisira nemufananidzo. Mashoko aJesu Kristu akati ndizvozvo chaizvo. Sezvazvaive paSodhoma, tinoona nyika muchinhano chayo, tinoona chechi muchinhano chayo, tinoona va—Vasanangurwa vachidanwa kubva musangano rose zvaro; Hupenyu, huri munzvimbo idzodzo, huchibuda kunze zvino kuzotora chimiro cheMbeu. Tinonamata, Baba Vokudenga, kuti tigomuka nekukasika.

53 Sekutaura kwangoita hama zvino, vaona pamberi pechiso chavo, zvino pavanga vakatsinzinya meso avo, mhomho zhinji dzichienda mberi kwavo. O Mwari, tinonzwa kuti kune mhomho zhinji dzisati dzabatwa nazvino. Tibatsireiwo Mwari, vanodikanwa. Dai tabva pakonivenisheni ino neyambiro yakadaro mumoyo medu, tichiziva kuti nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa. MuZita raJesu. Ameni.

54 [Hama Demos Shakarian vanoti, "Hareruya. Mupepeti wedu, Jerry Jensen, mungauyawo kumusoro kuno here? Ambhuya vavo—vavo vakomoka, ndizvozvo. Vachangobva kugamuchira shoko racho. Uye vashumiri veEvhangeri, vashumiri veFoursquare. Tingango here . . . Vari, ndinoziva kuti vakaremerwa kwazvo pamoyo. Uye, uye kungo . . ."—

Mupepeti] Vazvigamuchira izvozvi, vachangozvinzwa izvozvi? ["Hongu."] Vari pano here? ["Kwete, ivo, vari muLos Angeles. Vari mukoma."]

55 Kuva kure kana pedyo hazvina musiyano kuna Mwari. Vari Kwese-kwese. Vanofanira kudaro, kuti vave Mwari. Zvimwe zvezvinhu zvikurusa zvandinoziva zvichiitwa, mushumiro yangu yakaninipa, kuburikidza nerunhare, kana kuti mumwe munhu akafona, zvinhu zvikuru zvakaitika. Ngatibvumirane pamwe chete kuti Mwari vachapodza vanhu ava vari kurwara.

56 Baba veKudenga vanodikanwa, tinovaunza muHupo hweNyu, kubudikidza nemunamato. Tinoziva kuti humwe usiku kwaiva nemuapostora akanga avharirwa kuita mabasa ose panguva iyoyo; akanga ari mujeri uye aizogurwa musoro zuva rinotevera racho. Zasi kumba kwaJohane Marko vakava nesevhisi yemunamato, zvino muzvitokisi zviya zvomukati-kati makauya Shongwe yeMoto imwe chete yaitevera vana veIsraeri, kana kuti vana veIsraeri ndivo vakaItevera murenje; yakapinda mukati chaimo, nokuda kwesevhisi yemunamato iyoyo, ndokuzarura masuwo ose zvawo, ikaunza muapostora kunze mumugwagwa zvakare, asununguka kuti agoshumira.

57 Tinonzwisisa kuti vashumiri ava, vanhu vechimishinari, vakasungwa zvino, vano—vanotova mukoma chaimo. Ishe, Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Inzwaiwo munamato wedu manheru ano, O Mwari. Imi makati, "Pamunonyengetera, tendai kuti magamuchira zvamakumbira, uye muchazvipiwa." Ishe, tinotenda, uye tinonamata kuti nemuZita raJesu, kuti Muchavapodza, Ishe, kuitira mbiri yeNyu. Zvataurwa, zvakumbirwa, zvino ngazvichiitwa. Ameni.

58 Mwari vakuropafadze, Jerry. Iwe tenda pamwe naye.

Hama Demos.

59 [Hama Demos Shakarian vanoti, "Maita henyu, Hama Branham, Jerry. Mwari ngaVarumbidzwe. Ndiri kungoda nokukurumidza kuti varume vasimuke. Hama Arganbright, mumwe wevatungamiri vepasi rose; simukai, Hama Miner. Jack Moore, simuka. Clifford Ford. Doerflein, anobva kuSeattle. Charles Colonel Young. Enoch Christoffersen, Turlock. Jess Winemore. Ike Akamine, anobva kuHawaiian Islands. Ini zvangu, maropafadziro azvaita! Karopafadziro kaakaita mweya yedu pano, rimwe zuva. Ndinomuda. Ndiye mumiriri wedu we U.S. akashanda ari pasi pemapurezidhendi 7, Gerald Roll; William Roll, Mwari vakuropafadzei, hama. Chiremba Ray Marlin. . .?. . .! Mwari varopafadze Ray. . .?. . .! Earl Prickett."—Mupepeti]

60 ["Uye Hama Branham vakapihwa hunhengo hweruremekedzo, hunhengo hwehupenyu hwese, zvizere pazita ravo. Uye mumwe wevashoma vakavhoterwa, nebhodhi revatungamiriri, makore mazhinji akapfuura.]

Ndatenda, hama.

61 [“NaCarl Williams, aivada zvakanyanya. Uye Hama Henry Krause, mugadziri wemagejo. Jewel Rose, munyori wedu ari mubati wehomwe. Murimi, Frank Foglio, mu. . .?. . .Uye ndiri kutadza kufunga zita *renyu*; ndiri kutadza.” Imwe hama inoti, “NdiDerrick Fredo.” Hama Shakarian vanoti, “O, Hama Derrick. . .?. . ., tinoyemura zvikuru shumiro yavo! Ini zvangu, uye zvakaisvonaka kwazvo, uye—uye zvakanyanya! Chiremba Stanley, vanobva kuCanada, kumabvazuva kweCanada.]

62 [“Hama Howard Ervin, ndiri kukuonai kumashure uko, Howard Ervin. Uye isu tichangobva kuve nevenyu. . .Nditete here avo va. . .?. . .Tavaita kuti vasimuke, nguva shoma yapfuura, Howard, pawanga uine vechidiki.]

63 [“Uye ndinoda kuona mufananidzo weHama Branham, makore 20 apfuura.”] Huh!

64 [“Hama Norwood, Hama Norwood vanobva kuKansas City. Hama Ben Smart vanobva kuColorado. Herbert Bond, anobva kuLos Angeles, mumwe wevatungamiriri veboka rekuLos Angeles, ari kuita basa guru ikoko. Uye Fred Watson, mufundisi vakagara uko, mukona. Art Wilson pano, uye takanga tisina nzvimbo yakakwana pano yavo, saka vakagara havo nemadzimai ose uko. Uye madzimai ese ari pano madzimai evatungamiriri. Nemi mose vanhu vanoshamisa!]

65 [“Ndapotsa mumwe munhu here? Vamwe vevatungamiri vakatozoenda kumba nezuro. Darrell Hon. . .?. . .akatozoenda. Saka ngatiratidzei varume ava kuti tinoyemura kushingaira kwavo kwese, zvino. Ameni. Uye hapana wandapotsa.]

66 [“Hama Branham. Huyai pano, Hama Branham. Mamuziva here muchinda *uyo*?”]

Kwete, changamire. Pane zvakawanda zvachinja kubva mazuva iwayo, hama.

[“Huya pano, Howard.]

67 [“Aiva muchinda akanaka kwazvo pachiso, uye achiri akanaka, Hama Branham. Zvakare uyo mufananidzo wakanaka.]

68 [“Uye taita kuti tete vako vasimukewo nguva shoma yapfuura, zvakare. Zvino pamwe ungada kutaurawo zvishoma, Howard.”]

69 [Hama Howard Ervin vanoti, “Pakati pemakore 12 kusvika 15 apfuura, Tete Edith vakapodzwa chirwere cheRaynaud, chandinonzwisisa kuti hachirapike nemushonga. Handizive kana Hama Branham vakakuudzai mamiriro azvaiva. Uye handizive kana ndingatora nguva pfupi chete kuti ndidaro. *Iri* ndiro kadhi ravaiva naro remumutsara wekuti vapodzwe. Havana kumbopinda mumutsara wekuti vapodzwe. Vakanga vakagara, vagere mumutsara wechipiri, muodhitoriyamu muno

muPhoenix. Hama Branham vakanga vaparidza nemoyo wavo wese, vaive vangoneta zvekutotadza kunamatira vanhu. Asi pakarepo vakatarira pasi kwavari, vakavanaganidza, ndokuti, 'Munogona kupodzwa kana muchida henyu.' Uye vakabuda mumusangano uyu, vapodzwa, uye vachakapodzwa."]

70 [Hama Shakarian vanoti, "Raiva denda risingarapike. Handizvo here?"]

71 [Hama Ervin vanoti, "Hongu. Ndinonzwisisa kuti chirwere ichi chakanga chisingarapike. Varapi vedu pano vachandigadzirisa; Ini handina chandinoziva pane zvekurapa. Asi ndinonzwisisa kuti chirwere chetsinga dzemanzwiro, chinobata munhu chakaita semaperembudzi. Tsinga dzinovhara—dzinovhara kufamba kweropa, uye pakupedzisira minwe inongoora yodonha. Paiva neimwe oparesheni yemuchipatara, yachiremba anovhiya kuMabvazuva, akavaudza kuti aigona kuiita, uye kwaiva kudambura tsinga kumusoro mukati *umu*; asi, dai kuti vakadaro, vaizongova vasina chavanogona kuzomboita. Asi Mwari, nesimba raVo guru, vakavapodza, uye vakapodzwa nhasi uno."]

72 [Hama Shakarian vanoti, "Ngativaitei kuti vasimuke zvakare, kumashure uko."]

[Hama Ervin vanoti, "Mungasimukawo here, Tete Edith?"]

73 [Hama Shakarian vanoti, "Zvino hezvoka izvo, makore 20 garegare." Hama Ervin vanoti, "Makore 15 apfuura." Hama Shakarian vanoti, "Makore 15 garegare." Hama Ervin vanoti, "Makore 15 apfuura."]

74 Ishe ngavavongwe! Pane mumwe murume wavasina kudoma. Tose tinoyemura Hama Shakarian. Handizvo here? Mumwe nemumwe wedu!

> [Chibenga chisina chinhu patepi—
> Mupepeti] . . . kufanana naJesu,
> Panyika . . . kufanana naYe;
> Murwendo rwese rwehupenyu, kubva panyika
> kuenda muKubwinya,
> Zvose zvandinokumbira, kufanana naYe.

Ngatinamatei.

75 Baba veKudenga, tinogona kukuonai manheru ano makamira padivi pemadziro pane imwe nguva uye muchiona vanhu vachiuya kuzoisa muhomwe yepfuma yaMwari. Uye Makaona chirikadzi iyi ichiuya nemari shoma, mapeni mashoma echegumi, zvimwe aiva nevana kumba, asi iye aiva nehanya neHumambo. Hapana kupokana kuti izvozvo zvadzokororwa zvakare manheru ano. Panga paine vanhu vazhinji vaisa, pane izvo zvese zvavanazvo mumupiro uyu pano, nokuti zvaiswa pamberi pedu chaipo, kuti pane chinodikanwa, uye moyo yedu iri mazviri, Baba.

76 Ndagara ndichifunga, pamwe dai ndanga ndimire ipapo, ndiri ini ndakatarisa shirikadzi iyoyo, ndingadai ndakamhanyira kwaari ndoti, “Musazviita, hanzvadzi. Isu—isu hatisi kuida.” Asi pamwe zvaizova zvisiri izvo. Hamuna kumbomuudza kuti asazviita. Makangomira mukamutarisa achizviita, nokuti Maiziva kubva mumoyo make, kuti Muchamutsiva nokuda kwaizvozvo.

77 Baba, ndinoziva kuti Munoziva zvinangwa zvemoyo wose waisa muno manheru ano, uye kuti ndeyei. Ndeye Humambo, Ishe, kuti ivo . . . basa iri ratinofarira zvikuru, uye nekuyanana uku, Ishe, kwemasangano makuru epasi rose. Tinonzwa kuti tiri vanhu vane rombo rakanaka kuva pano manheru ano muHupo hwaMwari, tichinzwa Shoko guru iri richiuya richiratidzwa, richiratidza kuti Mwari vari pakati pedu!

78 Mwari, ipaiwo kune mumwe nemumwe ari pano nepaanoshaiwa napo. Tinonamata zvino kuti Muropafadze mupiro uyu nekuda kwebasa rawapiirwa. Tinokumbira izvi nemuZita raJesu. Ameni.

Mwari vakuropafadzei.

65-0125 Nhasi Uno Rugwaro Urwu Rwazadzikiswa
Ramada Inn
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org